

### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung analisis data.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Dina desain ieu panalungtikan, ngagunakeun desain kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Desain nu digunakeun dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest*, *treatment*, tuluy diayakeun *posttest*. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nyaéta 1) *one shot case study*, 2) *pretest and posttest*, jeung 3) *static group comparison*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nyaéta *pretest* jeung *posttest* anu dilaksanakeun di kelas VIII-A. *Pretest* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nulis laporan saméméh digunakeunna modél pangajaran *Problem Based Learning*, sedengkeun *posttest* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina nulis laporan sanggeus digunakeunna modél pangajaran *Problem Based Learning*.

Dina desain ieu, tés dilaksanakeun dua kali nyaéta saméméh jeung sanggeus dilaksanakeunna ékspérimén. Kagiatan tés nu dilaksanakeun saméméh ékspérimén (*O1*) disebut *pretest* jeung tés sanggeus dilaksanakeun ékspérimén (*O2*) disebut *posttest*. Sangkan leuwih jéntré desain panalungtikan kuasi ékspérimén nu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina tabel ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
Desain Panalungtikan

<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

Arikunto (2013, kc. 124)

Keterangan:

O<sub>1</sub> : *Pretest*/pratés (pangajaran nulis laporan peristiwa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*)

- X : *Treatment* (pangajaran nulis laporan peristiwa ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*)  
 O<sub>2</sub> : *Posttest/pascaté*s (hasil panalungtikan sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*)

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan


Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 2 Bandung anu perenahna di Jl. Sumatera No.42, Kota Bandung. Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A di SMP Negeri 2 Bandung Taun Ajar 2019/2020. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-A di SMP Negeri 2 Bandung anu jumlahna aya 30 siswa. Sangkan leuwih jéntré, sumber data panalungtikan bisa katitén dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.2**  
 Sumber Data Siswa SMP Negeri 2 Bandung

<b>Kelas</b>	<b>Jenis Kelamin</b>	<b>Jumlah</b>
VIII-A	Lalaki	14 siswa
	Awéwé	16 siswa
Jumlah		30 siswa

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh penting pisan, ku sabab nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta ngagunakeun désain *pretest* jeung *posttest*. Sangkan leuwih jéntré prosedur panalungtikan bisa dititén dina bagan 3.1.



**Bagan 3.1**  
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur, léngkah-léngkah dina panalungtikan dipedar saperti ieu di handap.

a. Nangtukeun masalah panalungtikan.

Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis laporan peristiwa nyaéta éjahan, adegan basa, eusi jeung struktur eusi dina téks laporan peristiwa. Dina ieu tahap, dilaksanakeun wawancara langsung ka guru basa Sunda SMP Negeri 2 Bandung pikeun meunangkeun informasi ngeunaan masalah anu aya dina pangajaran nulis laporan peristiwa hususna nalika nepikeun matéri pangajaran nulis laporan peristiwa di kelas VIII.

b. Ngarumuskeun masalah.

Rumusan masalah katitén sabada ngaindéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu aya dina kamampuh nulis laporan peristiwa siswa di kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung.

c. Nyusun raraga tiori.

d. Ngarumuskeun hipotésis.

e. Nyusun instrumén panalungtikan.

f. Ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMP Negeri 2 Bandung Taun Ajar

2019/2020. Anapon tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan nulis laporan peristiwa ;
  - 2) nyiapkeun instrumén panalungtikan;jeung
  - 3) ngalaksanakeun panalungtikan ka siswa.
- g. Nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan *SPSS versi 18*. Anapon tahap anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngumpulkeun data;
- 2) ngolah hasil data *pretest*;
- 3) ngolah hasil data *posttest*;jeung
- 4) nyusun laporan hasil tina panalungtikan.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Ku kituna, tés nu dilakukeun pikeun meunangkeun data hasil kamampuh nulis laporan peristiwa siswa, ngawengku tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*). *Pretest* nulis laporan peristiwa siswa dilaksanakeun saméméh ngagunakeun modél *Problem Based Learning*, sedengkeun *posttest* dilaksanakeun sabada ngagunakeun modél *Problem Based Learning*. Data kamampuh nulis laporan peristiwa nyaéta aspék éjahan, adegan basa, eusi jeung struktur eusi.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa informasi anu luyu jeung masalah panalungtikan sangkan panalungtikan leuwih gampang diolah. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun paréntah. Soal tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis laporan peristiwa siswa jekas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung Taun Ajaran 2019/2020. Tés dina ieu panalungtikan téh nyaéta lembar soal anu eusina wangun paréntah. Ieu tés, dilakukeun sangkan siswa dina nulis laporan peristiwa eusina nyaritakeun hiji lalampahan anu geus dilakukeun ku siswa. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina format soal *pretest* jeung *posttest*.





### 3.6 Analisis Data

Léngkah-léngkah nganalisis data kamampuh nulis laporan peristiwa saméméh ngagunakeun modél *Problem Based Learning* jeung sabada ngagunakeun modél *Problem Based Learning* saperti ieu di handap.

- 1) Méré peunteun nulis laporan peristiwa ngagunakeun rubrik meunteun kana aspék anu geus ditangtukeun, nyaéta aspék éjahan, adegan basa, eusi jeung struktur eusi. Nu meunteun ieu data nyaéta ku panalungtik éta sorangan. Rubrik meunt eun anu digunakeun nyaéta saperti ieu di handap.

**Tabél 3.3**  
Pedoman Meunteun Hasil Tulisan

No	Aspék nu dipeunteun	Skor	Kritéria
1.	Éjahan	5	Hadé pisan (ngawasa kana éjahan, kasalahan ngan saeutik)
		4	Hadé (ngawasa kana éjahan tapi sakapeung sok aya kasalahan dina éjahan)
		3	Sedeng (kasalahan dina éjahan mindeng kajadian)
		2	Kurang (teu ngawasa kana éjahan, tulisan hésé kabaca)
		1	Kurang pisan (teu ngarti pisan éjahan, tulisan hésé kabaca pisan)
2.	Adegan Basa	5	Hadé pisan (kalimah nu digunakeun éféktif, pilihan kecap merenah)
		4	Hadé (kalimah nu digunakeun éféktif, aya sababaraha kecap nu kurang merenah)
		3	Sedeng (kalimah nu digunakeun kurang éféktif, loba kekecapan nu kurang merenah, aya sababaraha kecap nu kamalayan)
		2	Kurang (kalimah nu digunakeun teu éféktif, pilihan kecapna asal-asalan, loba kecap nu kamalayan)
		1	Kurang pisan (kalimah loba nu teu nyambung, teu kaharti)
3.	Eusi	5	Hadé pisan (aya kasaluyuan antara téma jeung eusi)
		4	Hadé (téma jeung eusi saluyu tapi aya kalimah anu teu kudu ditulis)
		3	Sedeng (téma jeung eusi kurang saluyu)
		2	Kurang (téma jeung eusi teu saluyu)
		1	Kurang pisan (téma jeung eusi ngalér ngidul)

No	Aspék nu dipeunteun	Skor	Kritéria
4.	Struktur Eusi	5	Hadé pisan (eusi dimekarkeun kalawan jéntré tur sistematis, aya kohési jeung kohérénsi antar paragraf)
		4	Hadé (eusi dimekarkeun kalawan sistematis tapi kurang jelas, aya kohési jeung kohérénsi antar paragraf)
		3	Sedeng (eusi kurang jéntré tur kurang sistematis, kohési jeung kohérénsi antar paragraf ogé kurang)
		2	Kurang (eusi teu jéntré tur kurang sistematis, teu aya kohési jeung kohérénsi antar paragrafna)
		1	Kurang pisan (eusi teu jéntré tur teu sistematis, teu aya kohési, jeung kohérénsi antar paragraf.

Harfield, spk. dina Nurgiantoro (2010, kc. 441) kalayan disaluyukeun kritéria katur skorna.

Méré peunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest* nulis laporan siswa ngagunakeun rumus kalayan skor maksimal 100.

$$\text{Peunteun} : \frac{\sum \text{skor nu kahontal}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

Skor maksimal: 100

**Tabél 3.4**  
Kritéria Peunteun Dumasar KKM

Peunteun	Keterangan
$\geq 80$	Mampuh
$\leq 80$	Can Mampuh

2) Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

**Tabél 3.5**  
Kamampuh Nulis Laporan Peristiwa Siswa

No	NA	Kamampuh Nulis Laporan Peristiwa				$\Sigma$	P	Katégori/ KKM 80
		A	B	C	D			
$\Sigma$								



%								
---	--	--	--	--	--	--	--	--

Keterangan:

No : Nomer

NA : Nomer Absén

A : Éjahan

B : Adegan Basa

C : Eusi

D : Struktur Eusi

$\sum$  : Jumlah Skor

P : Peunteun

% : Perséntase peunteun

KKM : 80

Kategori: Peunteun  $\geq 80$  siswa dianggap mampu nulis laporan peristiwa

Peunteun  $\leq 80$  siswa dianggap can mampu nulis laporan peristiwa

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan nyaéta uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nyaéta hiji program nu dipaké pikeun mantuan panalungtik dina prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. Dina *input* anu dianalisis nyaéta hasil *pretest* kamampuh nulis laporan peristiwa saméméh ngagunakeun modél *Problem Based Learning* jeung *posttest* kamampuh nulis laporan peristiwa sabada ngagunakeun modél *Problem Based Learning*, sarta *indeks gain* anu salajengna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

#### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu miboga fungsi pikeun mikanyaho normal henteuna data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 76) yén hiji data ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Kolgomorov-Smirnov* ku cara maké *software SPSS PASW versi 18, Statistical Product and Service Solutions (SPSS)*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_1$  : distribusi data normal

Nuke Virginia Yuanto, 2020

MODÉL PANGAJARAN PROBLEM BASED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN PERISTIWA  
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A di SMP Negeri 2 Bandung Taun Ajar 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$H_0$  : distribusi data henteu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolgomorov-Smirnov*, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ).

Kritéria ngujina saperti kieu.

$H_1$  ditarima, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_0$  ditolak, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\leq 0,05$

### 3.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas digunakeun salaku bahan acuan pikeun nangtukeun kaputusan uji data anu satuluyna. Nurutkeun Sudjana (2013) uji homogénitas nyaéta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

$H_1$  : variasi sampel homogén

$H_0$  : variasi sampel henteu homogén

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Levene*, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ). Kritéria ngujina saperti kieu.

$H_1$  ditarima, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_0$  ditolak, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\leq 0,05$

### 3.6.1.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Aya dua cara nalika nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusi normal, éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun *statistic parametric* kalawan ngagunakeun *t-test*.

Sedengkeun saupama data teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun *statistic non-parametris* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun *software Statistical Product and Service Solutions (SPSS) PASW versi 18*, pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria saperti kieu.

H<sub>1</sub> (Hipotésis alternatif) : Aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung saméméh jeung sabada dilarapkeunna modél *Problem Based Learning*.

H<sub>0</sub> (Hipotésis nol) : Teu aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung saméméh jeung sabada digunakeun modél *Problem Based Learning*.